

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Météode jeung Tehnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Météode Panalungtikan**

Météode anu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta métode ékspérimén. Panalungtikan ékspérimén mangrupa panalungtikan nu dimaksud pikeun nitenan akibat tina hasil hiji hal nu dipikawanoh kana jéjér nu ditalungtikna (Arikunto,2007:207). Dumasar kana masalah jeung tujuan anu hayang kahontal ieu panalungtikan ngagunakeun métode ékspérimén sabenerna. Arikunto (2007:210) nétélakeun yén desain anu luyu jeung panalungtikan ieu nya éta desain pretest-posttest control grup desain. Rancangan ékspérimén digambarkeun di handap ieu:

**TabéI 3.1**

**Rancangan Ékspérimén**

Grup	Pratés	Treatment/perlakuan	Pascatés
Ékspérimén	0 <sub>1</sub>	X	0 <sub>2</sub>
Kontrol	0 <sub>1</sub>		0 <sub>2</sub>

(Arikunto, 2007:210)

- $O_1$  = Pratés (hasil obsérvasi samemeh perlakuan)
- X = *Treatment/perlakuan nya éta ngagunakeun média gambar dina ngajar nulis basa Sunda)*
- = Henteu maké teatment nya éta anu kaasup kana kelas kontrol
- $O_2$  = Pascatés (hasil obsérvasi sabada perlakuan)

### **3.1.2 Tehnik Panalungtikan**

#### **3.1.2.1 Tehnik Ngumpulkeun Data**

Tehnik panalungtikan anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta sakumna anu disebutkeun di handap ieu:

##### **1). Studi Dokumentasi**

Tehnik anu mangrupa kagiatan mutala'ah buku-buku anu keur ditalungtik. Ieu tehnik digunakeun pikeun ngumpulkeun data-data tina sumber anu tinulis dumasar kana tiori anu dipilih luyu jeung kabutuh dina nganalisis jeung nafsirkeun hasil panalungtikan. Hasilna nangtukeun jeung nyieun konsep-konsep anu bakal ditalungtik.

##### **2). Uji Coba**

Uji coba dina panalungtikan ieu, panalungtikan nyiapkeun bahan pangajaran nulis karangan éséy ngagunakeun média gambar anu bakal dipakenalika té. Bahan pangajaran karangan éséy diuji coba heula sangkan hasil panalungtikan leuwih tepat.

### **3). Tés Nulis Karangan Éséy**

Tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh dasar sangkan mikanyaho hasil panalungtikan (Arikunto, 2006:223) Ku ayana tés nulis karangan éséy ieu, dipihareup bakal meunang data anu mangrupa karangan éséy siswa anu diajar nulis karangan éséy ngagunakeun média gambar jeung anu henteu ngagunakeun média gambar.

#### **3.1.2.2 Tehnik Ngolah Data**

Tehnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpulkeun. Aya sawatara léngkah-léngkah anu kudu dilakukeun ngaliwatan tahap-tahap saperti ieu:

- 1). Hasil pretés jeung pascatés dipariksa jeung dianalisis anu satulunya ditabulasikeun, tujuan pikeun mikanyaho rata-rata nilai siswa, standar deviasi, jeung varians tina masing-masing kelompok, sarta mikanyaho data kaasup normal jeung homogén, ngaliwatan uji normalitas jeung uji homogénitas pikeun mikanyaho frékuénsi penilaian karangan éséy panulis ngadéskripsiikeun dina wangun tabél panilaian anu nyoko kana kritéria panilaian karangan éséy anu digambarkeun saperti di handap ieu:
- 2). Méré peunteun karangan siswa

**TabéI 3.2**  
**Pedoman Meunteun Karangan**

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat
1	2	3
Kualitas jeung Lingkup Eusi	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Organisasi jeung Tampilan Eusi	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Gaya Basa	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Wangun Gramatikal	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Ejahan	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Karapihan Tulisan	5 4 3 2 1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Jumlah Skor	30-6	
Peunteun	10-2	

Keterangan:

1) Kualitas jeung lingkup eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta mariksa gagasan dina hasil nulis karangan éséy siswa.

2) Organisasi jeung tampilan eusi

Organisasi jeung tampilan eusi hubunganana jeung jumlah runtusan eusi karangan (runtusan idé) dina nyusun tulisan.

3) Gaya basa

Gaya basa dina panalungtikan ieu nya éta cara siswa milih gaya sarta tulisan anu merenah dititen tina ngagunakeun kalimah anu efektif sarta ngagunakeun basa baku.

4) Wangun gramatikal

Wangun gramatikal tulisan ngawengku kalimah anu ditulis ku murid, patali jeung fungsi kalimah ngawengku Jejer (Subjek), Caritaan (Predikat), salaku unsur anu inti dina kalimah, sarta Udagán (Objek), Panglengkép (Pelengkap), jeung Katerangan (Keterangan) mangrupa unsur anu teu wajib aya.

5) Éjahan

Dina panalungtikan ejahan dipuseurkeun dina ngagunakeun hurup kapital, rarangken, jeung tanda baca.

6) Karapihan Tulisan

Karapihan tulisan mangrupa indikator tampilan pisik. Tulisan buatan murid, ngagunakeun hurup anu jelas sarta babari kabaca.

Pikeun meunteun karangan siswa digunakeun pedoman meunteun saperti table 3.2. dumasar kana éta pedoman, peunteun maksimal karangan siswa nya éta 30. Peunteun anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah ngagunakeun rumus saperti di handap ieu:

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{Peunteun Anu Kahontal}}{\text{Skor Maksimal Karangan}} \times 100\%$$

### 3). Uji sifat data

#### 1. Uji Normalitas

Uji normalitas ditujukeun pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat nu normal atawa henteu normal, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $\chi^2$ ).

Samemeh ngagunakeun rumus chi kuadrat, dilakukeun léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

##### 1. nangtukeun nilai rata-rata tina unggal téh sarta ngagunakeun rumus:

###### a. ngitung mean atawa rata-rata nilai pratés ( $X_1$ ):

$$X_1 = \frac{\sum f_x}{N}$$

Keterangan:

$X_1$  : rata-rata nilai pretés

$\sum f_x$  : jumlah skor nilai

N : jumlah subjek

###### b. ngitung mean atawa rata-rata nilai pascatés ( $X_2$ ):

$$X_2 = \frac{\sum f_x}{N}$$

Keterangan:

$X_2$  : rata-rata nilai pretés

$\sum fx$  : jumlah skor nilai

N : jumlah subjek

2. neangan standar deviasi ngagunakeun rumus

$$SD = \sqrt{\frac{N \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

Keterangan:

SD = Standar Deviasi

$\sum fx^2$  = jumlah frékuénsi nilai

$(\sum fx)^2$  = jumlah frékuénsi nilai x kuadrat

N = jumlah subjek panalungtikan

3. nyieun daftar frékuénsi jeung frékuénsi ékspéktasi nu ngawengku:

a) nangtukeun jumlah kelas (k), nangtukeun rumus:  $k = 1 + 3,3 \log n$

b) nangtukeun rentang kelas (r) nya éta: skor panggedéna-skor pangleutikna

c) nangtukeun panjang kelas (p), nangtukeun rumus:

$$p = \frac{r}{k}$$

d) nangtukeun Z

$$Z = \frac{(BK - x)}{Sd}$$

e) nangtukeun ambahan atawa legana unggal kelas interval (L)

f) nangtukeun frékuénsi ekspektasi

g) nangtukeun frékuénsi observasi

h) nangtukeun  $\chi^2$  (chi-kuadrat)

$$X^2 = \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

4. nangtukeun derajat kebebasan

$$db = k-3$$

5. nangtukeun  $\chi^2$  (chi-kuadrat) tina daftar

$$\chi^2_{0,99(3)} = 11,3$$

6. Nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan

kriteria:

$X^2_{itung} \leq X^2_{tabel}$  hartina distribusi data normal, tapi

$X^2_{itung} \geq X^2_{tabel}$  hartina distribusi data teu normal

2. Uji Homogenitas

Uji homogenitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogen henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogen henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti di handap ieu:

1) Nangtukeun skor variabel x masing-masing kelompok pratés jeung pascatés

2) Ngitung variasi masing-masing kelompok

a) variasi pratés

$$S_1 = \frac{n \sum f x^2 - (\sum f x)^2}{n(n-1)}$$

3) Hasil tina variasi diasupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

**4) Ngitung derajat kebebasan**

$$db_1 = N - 1$$

$$db_2 = N - 1$$

**5) Nangtukeun F tabél**

Nilai F tabéл ngagunakeun taraf kapercayaan 95%, db 39 mangka kapanggih yén nilai

F tabéл nya éta 2,14

**6) Uji homogenitas**

Pikeun nangtukeun homogenitas digunakeun kritéria dihandap ieu:

$F_{itung} < F_{tabéл}$  hartina variasi sampel hgomogen

$F_{itung} > F_{tabéл}$  hartina variasi sampel teu homogen

**3. Uji hipotésis**

Rumus hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta:

$H_0$  : Média gambar teu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang

$H_a$  : Média gambar bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éséy siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang

Pikeun ngabuktikeun hipotesis di luhur digunakeun uji béda dua rata-rata (uji-t). Statistik nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta statistik parametrik. Dilakukeun ngagunakeun rumus uji-t (t-tés) anu maksudna pikeun mikanyaho kabeneran atawa signifikasi tina pratés jeung pascatés.

Léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

1) Ngitung rata-rata nilai pratés jeung pascatés

- a. Rata-rata nilai pratés:

$$X_1 = \frac{\sum fx}{N}$$

- b. Rata-rata nilai pascatés:

$$X_2 = \frac{\sum fx}{N}$$

2) Ngitung gain (d) atawa selisih nilai pratés jeung pascatés tiap subjek

tuluy dijumlahkeun . Rumusna nya éta:  $d = X_2 - X_1$

D : perbedaan skor pratés jeung pascatés

Sedengkeun jumlah gain ( $\sum d$ ) nya éta:

Rumus:  $\sum d = \sum X_2 - \sum X_1$

Keterangan:  $\sum d$  : jumlah perbedaan skor pratés jeung pascatés

3) Ngitung mean perbedaan pratés jeung pascatés(Md)

$$\text{Rumus: } Md = \frac{\sum d}{N}$$

4) Nangtukeun derajat kebebasan (db):

$$db = N-1$$

5) Nangtukeun nilai t ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

- 6) Namgtukeun hasil hipotésis maké rumus:

$$t = \frac{X_1 - X_2}{\sqrt{\frac{SD_1^2}{N} + \frac{SD_2^2}{N}}}$$

### **3.2 Populasi jeung sampel**

#### **3.2.1 Populasi**

Populasi nya éta sakabeh subjek panalungtikan (Arikunto, 2006:130).

Dumasar kana sababaraha tinimbang, diantarana nya éta samporetna waktu pikeun panalungtikan, waragad, kaayaan siswa anu jadi objék panalungtikan, jeung sawatara katangtuan sakola anu kudu diperhatikeun, ngabalukarkeun populasi panalungtikan téh kudu diwatesanan ambahanana. Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan sajumlahing siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang, sedeng anu jadi sumber datana nya éta karangan éséy hasil ngarang. Pangna nyokot kelas dalapan, lantaran karangan ésésy kasup kana salahajiji bahan ajar anu diajarkeun di kelas VIII semester dua.

#### **3.2.2 Sampel**

Sampel nya éta bagian atawa wakil tina populasi anu ditalungtik (Arikunto, 2006:131).

Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel random, nya éta ngagunakeun pikeun nangtukeun jumlah siswa kelas VIII SMPN 3 Lembang nu dijadikeun subjék uji coba. Cara random dina panalungtikan ieu ku cara nyieun gulungan kertas (undian) anu dijerona ditulisan kelas VIII A nepi VIII I,

saterusna dikocok nepi ka kaluar dua kelas , kertas kocokan nu kaluar mimiti mangrupa kelas ékspérimén anu dibéré treatment (ngagunakeun média gambar), sedengkeun kertas kocokan kadua mangrupa kelas kontrol anu teu dibéré *treatment*. Ahirna anu jadi sampel panalungtikan ieu nya éta sakabéh siswa kelas VIII B salaku kelas ékspérimén jeung kelas VIII E salaku kelas kontrol anu jumlah siswana masing-masing 40 siswa.

### **3.3 Intrumén Panalungtikan**

Pikeun meunangkeun data tina sumber data, ku kituna dina té s nulis karangan baris disebutkeun instrumenna

#### **Tés Karangan Éséy**

- 1) Warna tulisan: karangan éséy
- 2) Jieun karangan éséy anu temana kaéndahan alam!
- 3) Karangan diwangun minimal ku tilu paragraf, maksimal lima paragraf. Saparagraf diwangun ku opat kalimah.
- 4) Aspék-aspék anu dipeunteun:
  - a) Éjahan; ngawengku nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca
  - b) Eusi karangan; cara mekarkeun eusi karangan jeung kuantitas eusi karangan.
  - c) Paragraf; ngawengku cara mekarkeun paragraf, patalina antarparagraf jeung bagian-bagian eusi, jeung susunan paragraf.
  - d) Karapihan tulisan.
- 5) Waktu 45 menit.

